

Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ONORE 75YÈM ANIVÈSÈ JOU J A AVÈK SEREMONI POU  
ANSYEN KONBATAN YO NAN 2YÈM GÈ MONDYAL LA KI RETE NAN  
TOUT KAY RETRÈT ETA A**

*Li deklare 6 Jen 2019 se "Jounen Salitasyon pou Sèvis Militè pandan 2yèm Gè  
Mondyal la" pou New York*

*Chak ansyen konbatan 2yèm Gè Mondyal nan chak nan Refij pou Ansyen  
Konbatan pral resevwa yon Pwoklamasyon Gouvènè a k ap komemore Jou J a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon jounen espesyal pou komemorasyon sèvis militè ki mete an vedèt Ansyen Konbatan yo nan 2yèm Gè Mondyal la ak fanmi yo ki rete nan toulèsenk Refij pou Ansyen Konbatan yo nan Eta New York (New York State's Veterans' Homes). Anlonè ak an rekonesans 75yèm Anivèsè Jou J (D-Day) a ak OPERASYON OVERLORD (OVERLORD OPERATION), pi gran operasyon alafwa nan dlo ak sou tè nan listwa militè, Gouvènè a deklare 6 Jen 2019 se "Jounen Salitasyon pou Sèvis Militè pandan 2yèm Gè Mondyal la (Salute to World War II Military Service Day)" toupatou nan New York.

"Nan okazyon 75yèm Anivèsè Jou J a mwen vle ofri tout ansyen konbatan nou yo ak fanmi yo yon mèsè sensè pou sakrifis yo ak sèvis yo pou pwoteje libète nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "M ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo vin jwenn mwen pandan n ap onore militè plen kouraj yo ki te riske tout bagay nan Jou J a lè 160,000 Ameriken ak twoup alye te ateri sou plaj Nòmandi yo epi chanje dewoulman lagè a ak listwa pou toutan. Pou moun nou te pèdi yo ak pou ansyen konbatan ki arive retounen lakay yo, mèsè. Nou dwe n yon dèt rekonesans nou p ap janm kapab remèt nou."

"N onore yon jou ki chanje direksyon sivilizasyon an epi nou salye ansyen konbatan 2yèm Gè Mondyal nou yo toupatou nan eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale jodi a nan Refij pou Ansyen Konbatan Eta New York la nan Montrose, te deklare.** "Pandan n ap make 75yèm Anivèsè Jou J a, nou di mèsè epi nou rann omaj a plis pase 900,000 Nouyòkè ki te batay pandan 2yèm Gè Mondyal la, epi a sa yo ki te pran plaj Nòmandi yo daso san konnen si yo t ap janm retounen lakay yo. Nou rekonèt kouraj militè nou yo ki fè nou vin pi gran fòs militè sou planèt sa a. Nou dwe tire leson nan kontribisyon jenerasyon grandyoz la epi pran renn sèvis ak sakrifis yo kreye yo."

Gouvènè Adjwen Hochul te onore ansyen konbatan yo nan 2yèm Gè Mondyal la jodi a tou nan Mize Purple Heart la nan New Windsor.

Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan (Division of Veterans' Services) Eta New York la, an kowòdonasyon avèk Deaptaman Sante (Department of Health) Eta New York la, State University of New York la ak Divizyon Afè Militè ak Naval (Division of Military and

Naval Affairs) Eta New York la, te kòmandite evènman komemoratif yo nan toulèsenk lokal yo a 10:00 AM, nan dat 6 Jen 2019, pou onore sèvis tout Ansyen Konbatan yo nan 2yèm Gè Mondyal la ak fanmi yo. Nan chak nan Refij pou Ansyen Konbatan nan Eta a, chak Ansyen Konbatan 2yèm Gè Mondyal te resevwa yon Pwoklamasyon Gouvènè a ki komemore jou espesyal sa a nan listwa ameriken, epi sèten Ansyen Konbatan te resevwa Meday Eta New York la pou Merit pou patisipasyon yo nan Envazyon Nòmmandi an nan dat 6 Jen 1944 ak nan 2yèm Gè Mondyal la. Anplis de sa, tout Ansyen Konbatan yo nan 2yèm Gè Mondyal la nan Refij pou Ansyen Konbatan Eta a te resevwa yon lèt rekonesans pou sèvis yo nan men Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York la.

**Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York la Jim McDonough te deklare,** "Evènman komemoratif yo jodi a pou 75yèm anivèsè Jou J a enpòtan anpil pou ansyen konbatan sivivan nou yo nan 2yèm Gè Mondyal la ak fanmi yo. Nan epòk sa a li te gen dwa sanble lemond te monte sou zepòl jenès ameriken an. Olye de sa jenès ameriken an te resevwa travay pou l mete sou zepòl li kokennchenn fado garanti libète lemond nou te konnen an. Mwen kontan dèske New York kontinye ap rekonèt ak onore jenerasyon grandyoz nou an jan n ap fè l jodi a".

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di,** "Militè ameriken yo nan 2yèm Gè Mondyal la te riske, epi nan anpil ka sakrifye, lavi yo pou pwoteje libète nou yo, epi kounye a, 75 lane apre Jou J a, se djòb nou pou n garanti yo kontinye resevwa lonè kòm ewo. Gras a inisyativ tankou Sante nan Tout Politik (Health Across All Policies), New York Adapte pou Moun Aje (Age-Friendly New York), kat Refij pou Ansyen Konbatan nan Eta a Depatman an ap administre yo epi ki ofri swen dènye kri, kalite siperyè nan anviwònman pozitif ak plen konpreyansyon, Gouvènè Cuomo ap garanti Jenerasyon Grandyoz la gen resous li bezwen yo pou rete manm aktif nan kominote li yo pandan ane dore yo".

**Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo Eta New York pou Vyeyès la (New York State Office for the Aging), te di,** "Biwo Eta New York pou Vyeyès la eksprime rekonesans pwofon li pou militè brav yo ki te riske lavi yo pandan Jou J a ak pandan 2yèm Gè Mondyal la pou defann libète nou yo ak prensip nou yo toupatou sou planèt la. Nou remèsye yo pou sakrifis yo pou defann jan vou viv la, epi nou onore sa ki te fè sakrifis iltim lan. Ansyen konbatan pi aje nou yo se manm yon jenerasyon ki te ede bati nasyon nou an pou fè li sa ki pi gran nan lemond, epi sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York, kòm premye eta ki adapte pou granmoun aje nan nasyon an, rete angaje nan garanti aksè a resous kominotè esansyèl ansyen konbatan pi aje nou yo bezwen yo pou rete an sante ak angaje nan fwaye ak kominote yo chwazi yo".

**Direktè Egzekitif Refij Eta a pou Ansyen Konbatan nan Long Island lan Fred Sganga te deklare,** "Pandan vennsèt lane ki sot pase yo, Refij Eta a pou Ansyen Konbatan nan Long Island lan nan Stony Brook University te gen lonè ak privilèj pou l okipe jenerasyon ansyen konbatan espesyal sa a. Nou p ap janm bliye sèvis ak sakrifis dezenterese bann sòlda, maren, marin ak avyatè sa yo. Jodi a, nou remèsye tout ansyen konbatan nou yo nan 2yèm Gè Mondyal la pou kouraj yo ak pèsèverans yo sa fè swasannkenz lane - dèske yo reponn apèl la, pou fè mond lan vin yon kote pi an sekirite".

**Adjidan Jeneral New York la, Majò Jeneral Raymond Shields te deklare,** "Gason ak fanm Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) ki te sèvi eta nou an ak nasyon nou an toujou jwenn enspirasyon nan souvni Sòlda yo ki te pran daso rivaj la sou plaj Omaha ak Utah yo sa fè 75 lane. Moun sa yo ki te jèn gason lè sa a, te riske tout bagay pou sove lemond anba yon diktati gwo ponyèt. Sa ki pami nou ap sèvi jodi a fyè suiv egzanp yo".

Pandan 2yèm Gè Mondyal la, te gen plis pase 3 milyon militè ki te kite pou ale fè toune yo lòtbòdlo sòti nan Pò New York la. Te gen plis pase 900,000 nan yo ki te Nouyòkè ki te lite pou pwoteje epi sekirize dwa ak libète tout Ameriken. Te gen plis pase 43,000 Nouyòkè ki te fè sakrifis iltim lan nan sèvi eta nou an ak nasyon nou an pandan dire 2yèm Gè Mondyal la.

### **Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York lan**

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo a, Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York lan te depoze plis pase 27,000 demann pou Ansyen Konbatan New York ak fanmi yo, sa ki te fè yo te akòde plis pase 254 milyon dola benefis san taks pou Ansyen Konbatan yo onivo federal.

Ansyen Konbatan ki te blese pandan yo te nan sèvis aktif ka depoze yon demann a nenpòt ki moman pou endanmnizasyon poutèt andikap. Gen andikap yo sipoze ki lye a ansyen estati yon Ansyen Konbatan kòm Prizonye Lagè. Pou enfòmasyon ak asistans gratis konsènan benefis ak sèvis pou Ansyen Konbatan, manm lame ak fanmi yo, tanpri vizite [www.veterans.ny.gov](http://www.veterans.ny.gov) ak rele 888-838-7697 pou pwograme yon randevou ak yon Konseye sou Benefis pou Ansyen Konbatan.

### **Refij pou Ansyen Konbatan yo nan Eta New York**

Refij pou Ansyen Konbatan yo nan Eta a ofri swen enfimye espesyalize ak reyedikasyon akoutèm pou ansyen konbatan ki kalifye yo ak moun yo responsab yo. Swen yo santre sou rezidan an epi yo endividyalize, avèk yon ansanm konplè pwogram ankadreman tankou paregzanp swen memwa, sèvis sosyal, aktivite rekreyatif, fizyoterapi ak terapi pou aktivite toulejou ak lòt sèvis reyedikasyon. Sa ki pi enpòtan, Jenerasyon Grandyoz ansyen konbatan nou an gen libète ak fasilite yon ti kominote epitou konfò yon kad ki tankou lakay. Refij pou Ansyen Konbatan yo nan Eta a ofri yon kalite lavi ki mete aksan sou vi prive, ankouraje endepandans, bay konfò ak sekirite, epi ofri lòt Ansyen Konbatan ak fanmi yo kòm konpayon. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Refij pou Ansyen Konbatan yo ki sou administrasyon Depatman Sante a [isit la](#) epi sou Refij Eta a pou Ansyen Konbatan nan Long Island nan Stony Brook University [isit la](#).

### **Anlonè Listwa Militè Eta New York**

Vizite nan Kapitòl la ka enterese tou nan vizite Galri Moniman Vyetnam (Vietnam Memorial Gallery) ak moniman pou onore moun ki te sèvi peyi nou an ki chita nan Empire State Plaza Complex. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Galri a nan <https://vietnamgallery.ogs.ny.gov/> epi sou moniman komemoratif yo nan <https://ogs.ny.gov/ESP/ct/memorials/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)